

**Lakou
Kajou**


**Gid enstalasyon ak itilizasyon Kolibri
sou Telefòn, Tablèt ak Laptòp nou yo.**



Ki jan ou ka enstale Aplikasyon Kolibri a sou telefòn ak tablèt


1

Sou ekran prensipal telefòn nan, chèche logo ki ekri “**Play Store**” a. Tape sou li pou ouvri l




2

Lè Play Store a ouvè, w ap wè yon ti kare anlè ekran an kote ou ka tape tèks. W ap tape “**Kolibri**” epi peze ti bouton ki gen fòm loup lan




3

Rezilta yo ap parèt sou ekran an; chwazi aplikasyon Kolibri a, epi peze bouton ki ekri “**Install/Installer**” pou kòmanse telechajman




4

Aplikasyon an ap telechaje epi enstale otomatikman. Ou pap bezwen fè anyen pandan pwosesis la



5

Lè enstalasyon an fini, peze bouton “**Open/Ouvrir**” pou w ka rantre nan aplikasyon an dirèkteman




Gid enstalasyon ak itilizasyon Kolibri pou laptop




Ki jan ou ka enstale Aplikasyon Kolibri a sou laptop ou

1 Ale sou navigatè ou a tape “**Kolibri studio download**”, apre, klike sou lyen “**Learning Equality**” a.




2

Klike sou “**Download.dmg**” si ou w ap itilize **MacOS**





2.1

Klike sou “**Download.exe**” si w ap itilize **WINDOWS**,
apre l fin telechaje peze “**Ouvrir**”




3

Apres w fin lanse enstalasyon an peze **“Next”**



4

Lè aplikasyon Kolibri a fin enstale, w ap peze **“Finish”**, l ap tou lanse aplikasyon an.



Ki jan ou ka enstale kou “**Bank resous Edikatif**” la nan kolibri sou aparèy ou

1

Lè w fenk louvri aplikasyon Kolibri a, w ap kreye yon kont kote w ap rantre “**Non konplè**”, “**Non itilizatè**” ak yon “**Modpas**”

Kreye yon kont - Kolibri

127.0.0.1:8080/ht/auth/#/create_account

Kreye yon kont

Non konplè
Momnsen MEREUS 14/120

Non itilizatè
Devizark 8/30

Lekòl
Etablisman inisyal pou Momnsen MEREUS

[Itilizasyon ak entimite](#)


[Konekte si w gen yon kont ki ekziste deja](#)

[KONTINYE](#)

Kreyòl Ayisyen [English](#) [Español](#) [Français](#) [Kiswahili](#) [العربية](#) [हिंदी \(भारत\)](#) [Bahasa Indonesia](#) [Chinyanja](#) [PLIS LANG](#)

2

Aprè w ap klike sou **“Tout seul”** pou w ka kontinye




3

Peze **“Plus de langues”** epi chwazi **“Kreyòl Ayisyen”** nan lis la epi peze **“Kontinye”**




4

W ap gade anlè w ap wè yon pati ki make “**Bibliyotèk**” w ap klike sou li epi peze “**Enpòte chanèl yo nan aparèy ou an**”




5

Kounya klike sou “**Enpòte**”




6

Chwazi "**Kolibri Studio (anliy)**" ansuit klike sou "**kontinye**"




7

Klike sou "**Enpòte ak kòd**"




8

Kopye epi kole jeton pwogram w ap enpòte resous li an.
Aprè sa, klike sou "**kontinye**"
Jeton pou Bank resous Edikatif la se : fosub-vufas



9

Kounya klike sou "**Seleksyone tout**" pou w ka telechaje tout resous yo. Ansuit, klike sou "**Enpòte**"



10

Aprè resous yo fin telechaje ale nan **“Akèy”** ki sou kote entèfas prensipal la. Se la ap w ap jwenn tout resous ou enpòte yo.

The image shows two screenshots of a web application interface. The top screenshot displays the 'Aktivite' (Activities) section, which lists a single activity titled 'Enpòte resous yo soti nan 'Bank Resous Edikatif : kolektif resous gratis pou anseyan'' (Import resources from 'Bank of Educational Resources : collective free resources for teachers'). The activity is marked as 'ANILE' (Completed) and shows a progress bar. The bottom screenshot displays the 'Kanal yo' (Channels) section, which lists a single channel titled 'Bank Resous Edikatif : kolektif resous gratis pou anseyan' (Bank of Educational Resources : collective free resources for teachers). The channel is marked as 'Resous te aktyalize resaman' (Resources updated) and shows a progress bar. The channel is 923 KB and has 12 versions. The interface includes a navigation bar with options like 'Aparèy', 'Kanal yo', 'Etablisman', 'Pèmisyon yo', 'Enfòmasyon', and 'Paramèt Konfigirasyon yo'. The user is logged in as 'momnsen'.

Aktivite

Ap tann

Enpòte resous yo soti nan 'Bank Resous Edikatif : kolektif resous gratis pou anseyan' ANILE

Kòmanse pa 'momnsen'

Kanal yo

1 sou 1 aktivite fini

[Efase sa ki fini yo](#) [Gade administratè aktivite](#)

Bank Resous Edikatif : kolektif resous gratis pou anseyan 923 KB JERE

Resous te aktyalize resaman

Vèsyon 12

Chanèl Bank Resous Edikatif : kolektif resous gratis pou anseyan a se yon espas dijital ki rasanble resous edikatif ak lòt materyèl pedagogik ki fèt pou sipòte pwofesè, edikatè ak tout moun ki enterese ak aprantisaj. Objektif chanèl sa a se fasilite aksè ak materyèl referans, liv, gid pedagogik, ak lòt kontni edikatif ki ka itilize nan klas oswa pou fòmasyon pwofesyonèl.

Si w ta gen nenpòt kesyon oswa si w ta bezwen èd

Tanpri kontakte nou sou



+509 44 84 8198



momnsenm@lakoukajou.ht

